# Tànk-ndànk

WOLOF

## CP

Jéego 4

Téere 1



République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

Vente interdite

République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

Jéego 4 Téere 1

Édition 2018
Réimpression 2020

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Mbënnu goxu Daaru .................... 4

Tànta Béy ak mbënn mi .................... 20

Bukki fàqman .................... 36

Géej gi dafa mer .................... 52

Tuuti ay am .................... 68

# Mbënnu goxu Daaru



Tey ci suba, waa goxu Daaru dañu yeewu ak njàqare.
Dafa fanaane taw guddi gi yépp.
Bët set, ku wàcc sa lal, teg sa tànk ci ndox.
Kenn ñemewul a génn. Ci saa si, ñu kuppe kuraŋ bi.
Benn-benn nit ñi génn, di xoole, naan :
« Lan lanu war a def ? »



Gox bi ni tekk, foo xool rekk ndox ngay gis,
biir ak biti.
Oto yi woon ci biti yépp a ngi ci biir ndox mi.
Bi naaj wi génnee diggu bëccëg,
xale yi nekk ci ndox yi di fo.
Jigeen ñi ak góor ñi, ñépp di as,
ku nekk di ñaxtu.



Nees tuuti, taskati xibaar yi ñëw
seetsi leen.
Ñuy laaj waa gox bi ni ñu def ci ndox mi.
Ñii naan amatuñu dund, seen ceeb,
diwlin, suukar, meew, yépp yàqu nañu.
Ñeeneen ñi naan seen i lal ak seen i yére
dañoo tooy xepp.




Ca ëllëg sa, meeru dëkk bi ñëw,
ànd ak ay kilifa.
Ñuy nemmeeku waa gox ba,
indaale ay basaŋ ak dund.
Ñu gis ne fii neexatul a dëkk,
kenn mënatu fee toog.
Ñu ni leen, dañu leen bëgg a yóbbu
ca ekool ya.
Foofa lañuy nekk, ba ñu jële fi ndox mi.



Ñii nangu, ñii bañ.
Ñi bañ ne :
- « indileen ay oto ñu manq
mdox mi.
Ndax wóorul ñu dem bàyyi fi
sunuy bagaas.
Sàcc yi mën nañu ko jël ci sunu ginnaaw. »
Ñeneen ñi ne :
- « Toog fii wóorul,
mën nañu fi jële feebar.



Yoo yi bare nañu, ndoxi duus yi jaxasoo nañu ak ndoxi taw bi.
Xale yaa ngi ciy fo te baaxul ci wér-gu-yaram.
Mën nañu cee jële ay feebar, yu mel ne waga.
Xale yi tamit mën nañu am feebaru biir buy daw. »



Meer bi fexe ba nit ñi nangoo jóge ci gox bi.
Mu ne leen : « Dageen di yóbbaale seen bagaas yi ngeen gën a fonk. Dinanu itam sàmm li ci des. »
Génne nañu bagaas yi nekkoon ci kalaas yépp.
Kalaas yi yaatu lool, nekk ay kër yu ndaw.



Bi leen waa meeri bi jëlee, indi leen, ñu jaaxle, di xoole.
Ku nekk di seet fooy teg say bagaas.
Ñuy kër-këri ba denc bagaas yépp, soog a toog.
Xale yi doon jànge ca ekool ba di wone seen kalaas.




Nees tuuti, kamiyoŋ bu mag ñëw, wàcceel leen dund.
Amoon na mbiskit, meew, suukar, ceeb, diwlin ak ñoom seen.
Njaboot gu ne, ñu jox ko li mu soxla.
Ay fajkat ñëw, nemmeeku leen.
Ci xale ak mag ñi lañu jëkke.



Ndawi buur ñëw, di waxtaan ak ñoom,
di dalal seen xel.
Dëkkuwaay bu bees bi tàmbalee neex.
Ba guddi jotee, xale yi di fo, di dàqante.
Mag ñi daje ci benn tànt, di waxtaan.
Am ñu fa xaritoo, mel ni ñu bokk ndey
ak baay.



Benn bés, ci ekool bi ñu leen dalal,
Faatu jabaru Biraan, biiram di metti.
Ñu jël ko yóbbu opitaal.
Ñu teg ci ay waxtu, ki ko yóbbu woon dellusi.
Mu ne Faatu am na doom ju jigeen.



Bi ñu ñibbisee, ñépp ñëw seetsi ko.
Ñii indaale ay yére liir, ñeneen ñi indi ay
laytaay ak yeneen.
Suba nag la ngénte li, ñii di araw,
ñii di lakk beñe.
Ñee di xolli soble ak lujum,
ñeneen di tànn ceeb.



Ñu teel a yeewu togg laax yi.
Waa gox bi ak imaam bi ñëw,
ñu tudd xale bi.
Ñu séddale laax yi, lekk ceeb yi,
ngénte li neex lool.
Bi ñu noppee, xale yi di tooñ liir bi,
tudde ko Bebbe Mbënn.



Ayu-bés yi di toppante ba nawet bi jeex.
Leegi ekool ubbiwaat.
Ndawal buur nëw, ne dañu war
a delluwaat ci kër yi.
Dañu war a defaraat ëttu ekool
bi ak kalaas yi.
Waaye laata ngeen di dellu,
dinañu defaraat seen gox bu baax.



Ñoom ñépp bég lool.
Meeri bi yónnee ay kamiyoŋi suuf,
ànd ak ñiy toppatoo wàllu cet.
Ñu daldi dem, door liggeey ba.
Ay oto ñëw mànq ndox ma.



Ñu dindi tilim ji, xaddaat kër yi.
Ñu defaraat kër yu yàqu yi,
sëkkaat mbedd yi bu baax.
Ba ñu noppee, ñu jëli nit ñi,
delloo leen seen i kër.
Ñi dellusi ñépp, seen xol sedd.
Waa gox ba bég lool ci seen
taxawaayu meeri.

# Tànta Béy ak mbënn mi



Baay Sikket dafa defaral tànta Béy kër gu jekk ci xur wi.
Mu def ci ay mëebali néeg yu rafet.
Jëndal na ko lal bu mag, armuwaar bu yaatu ak ay toogu.
Fàttewu koo wutal taabal ju ñépp di coow.
Yemul ci loolu, dafa tukki yónnee ko darab ak i rido bunt.



Moom sax, fu mu dem ?
Mel na ni fu sore la !
Tànta Béy bég lool, ku ko romb mu won la këram.
Tey dafa féex, picc yi nekk ci kaw garab yi, di woy.
Tànta Béy di sol, di simmi, di lekk ak a naan.



Mbindaanam di ko toppatoo,
mu nekk ci noflaayam, bég lool.
Sol na ay karbatam yu kawe,
di bajantu.
Yëgul benn jafe-jafe.
Rabi-àll yaa ngi xiif, di jooy, Béy moom regg lool.
Xiin waa ngi ñuul kukk, asamaan si lëndëm.

Njomboor, janqam bi, mu ngi toog,
di xaar mu yónni ko.
Fomp na kër gi ba mu set wecc.
Fóot na yére yi, paase leen,
lem def ci armuwaar bi.
Ubbi na noppam yu gudd yi,
di xaar ndigalu tànta Béy.



Béy ne ko :
- Njomboor, ana foo nekk ?
- Béy Mbombe, maa ngi nii !

Njomboor ñëw, sukk ci kanamu Béy, di xaar ndigal.

Béy ne ko : « Laggal, taalali ma cuuraay lu neex. »

Njomboor daw gaaw, taali furno bi.
Bi furno bi boyee, mu sotti ko ci and bi.
Njomboor Seen dugal na and bi ci néeg bi, def ci cuuraay.
Ngelaw li jóg na, di upp, di fararari.



Soxna Béy direeku ndànk, dugg ci néegam,
yéeg ci lal bi.
Sàngoo na séru dënkam,
di nelaw ba yàndoor.
Taw bi ne yureet, ndox mi di wal.
Ndox mi di roogalaat ak doole,
di dugg ci xur wi.

Kër tànta Béy fees na dell ba ëtt bi taa.
Béy a ngi nelaw rekk, muuroo séram,
yëgul dara.
Lal bi mu tëdd a ngi tëmb,
ni mbàttu ci leketu ndox.
Bi taw bi yokkee, Njomboor Seen tiit,
nàlli, daw, dem seen kër.



Njomboor Seen nettali baayam li xew kër tànta Béy.
Muy jooy, di jàmbat mbiri Béy ci waajuram.
Taw bi séwet, baayu Njomboor jóg seeti pompiyee yi.
Mu jàmbat mbiri tànta Béy ci ni ko fa doomam bàyyee.

Nijaay Ñey moo jiite pompiyee yi, mu woo mbooleem ñey yi.
Mat nañu téemeeri ñey yu topp ci ginnaaw nijaay Ñey.
Rabu àll wu ñu romb ci yoon wi rekk, nga jël sa ndab topp ci.
Gaynde sax ànd na ci, Cokkeer, Mbote ak Mbonaat.
Rabi àll yépp taxaw temm, ñii di tanq, ñey yi di guux di sotti.




Tànta Béy yeewu na ci nelawam,
amul fu mu aw.
Ndox maa ngi ko wër, mu yuuxu di woote,
mënul wàcc.
Tànta Béy a ngi jooy, foog ne mbënn mi
dafa koy yóbbu.
Téemeeri ñey yi ak seen njiit, ñoo naan
ndox mi ak seen i ñox.

Yeneen rabi àll yaa ngi ŋacc ak seen i bagaan.
Ndox mi wàcc na, lalu tànta Béy tamit tegu na ci suuf.
Waaye lépp yàqu na ci kër gi,
ba ci toogu yi.
Mbënn mi yàq na bunt yi ak palanteer yi,
dàjji armuwaar bi.



Ndox mi yóbbu na yére tànta Béy yi ak dàllam yépp.
Kër gi yépp yàqu na, kenn xamatul lu muy niru.
Tànta Béy a ngi jooy rekk, amatul dara ci lekk ak naan : « Baay Sikket dem na, ku may dimbali ? »


Sëriñ Ñey fëgg dënnam, ne : « Xanaa nun.
Dunu la bàyyi ngay tumurànke. »
Rabi àll yépp jóg.
Ñii wuti ay xànq, ñee wuti ñax mu bare.



Ñu daaj ay dénk, xaddaat kër gi yépp.
Fàttewuñu waañ wi.
Jabari mala yi taxaw : tànta Golo, bàjjen Nag ak umpaañ Géleem.
Ku nekk indi dara, ñii ay bool, ñee ay paan, ñee ay yére.

Defaraat nañu kër tànta Béy ba mu jag.
Fàttewuñu dara, yokkal nañu ko sax ay jumtukaay.
Tànta Béy daldi féex nag, di leen sant ak a gërëm.
Dëkkandoo jàmm a ca gën,
ndax bés du ñàkk.

# Bukki fàqmaan



Maam Gaynde nee na ñu defar dëkk bi,
rabi àll yépp jóg taxaw.
Ñoom ñépp laxasaayu,
fas yéene topp ndigal li.
Dëkk bi set na, ndox taawul fenn,
lépp féex.
Mbedd yi amuñu benn mbalit.



Ndumbelaan dëkk bu yànj la, aka taaru !
Benn bés, ñu gis ne kubeeri pax yi ndox mi di jaar nekkatuñu fa.
Su guddee, ay mala di sàcc, di fa tuur seen mbalit.
Asamaan si xiin, ndox mi yureeku.



Dëkk bi fees na dell ak ndox, mbedd yi taa.
Ana lii ku ko mas a gis ?
Poto-poto bi tilimal na tànk ak yére.
Ñépp a seexlu, kenn amatul fu mu aw !

Mbalit mi nëb na, di xasaw,
kenn mënatul a noyyi.
Ana ku sooke lii ?
Kenn du ne man la !
Ñépp ne nanu seet ba xam kan moo def
jëyya jii.
Ndekete yoo Bukki la  !



Looy a ko gis mu yor ak kubeer.
Bukki ne ko : « Bul ma boole, sama jabar dafa am doom.
Amuma xaalis bu ma ko ngéntee.
Moo tax, ma xaar ba guddi, topp mbedd yi di sàcc kubeer yi. »



Gaynde ne ko : « Waaw, Bukki ana kubeer yi  ? »
Bukki tontu : « Jaay naa leen ca wàllaa-dex.
Gaynde laaj ko : « Mbaa xam nga ne dinga leen delloosi ? »
Bukki tontu ko : « Lekk naa xaalis ba te amuma lu ma ko feye ! »



Ñey ne : « Mënatunoo jot ci kubeer yi ndax xeex lay indi. Jàmm rekk a war a am digante ñaari dëkk yi. Rabu àll bu ne dafay natt njël, dem màrse jaay ko. Su ko defee, xaalis bi nu am, nu jënd ci ay kubeer. »




Maam Gaynde mer lool, ne dafay teg bukki ci yoon.
Dëkk bi jaaxle : « Fu nuy jëleeti ay kubeer ?
Bukki dafa ëppal, dinanu ko teg ay daan. »
Rabi àll yépp dajaloo kër Maam Gaynde.



Rabi àll yépp déggoo ci genn kàddu gi.
Ñu booloo liggeey, jiital Bukki muy setal kaniwoo yi.
Ñu jël mbalit mi yépp, def ko ci oto mbalit mi.
Oto bi dem sotti mbalit mi ca àll ba.



Su Bukki tëlee, Jaan wuutu ko ndax polombiye la.
Umpaañ Mbonaat bokk na ci liggeey bi.
Nagu àll ànd ak jabaru Gaynde jël xaalis bi, jëndi kubeer.
Ñu dem seeti Wànga-lànga, tëgg bi.




Mbaaru Wànga-rànga a ngi ci ginnaaw màrse bi.
Mu taal safara su bare, doom ji yore uppu yi.
Wànga-rànga déglu leen, ni leen nañu dellusi fii ak ayu-bés.
Jabaru Gaynde jox ko genn-wàllu xaalis bi, daldi ñibbi.

Ba bés ba dellusee, Soxna Gaynde ànd ak Nagu àll ci oto.
Soxna Gaynde ne ko : « Mbir mi sotti na ? »
Wànga-lànga tontu ko : « Waaw, defar naa kubeer yu dëgër
Yeb nañu kubeer yi ci kamiyoŋ,
jëm dëkk ba.



Maam Gaynde ne daan bi nu teg Bukki
mooy delloo kubeer yépp.
Bukki fanaane teg kubeer yi ci paxi
kaniwoo yi.
Leegi, mbalit amatul fenn, mbedd yi setaat
nañu.
Bu tawee, ndox mi du taxaw, dafay jàll.



Bukki waat na ne dootul jëlati lu ñu ko joxul.
Dina, yokk mbeyam, ba gën a am xaalis.
Su ko defee, dootul am benn jafe-jafe.
Ñépp dinañu ko weg, sargal ko, jox ko cér.



Su ko defee itam, jabaram dina bég.
Njabootam dina nekk ci jàmm, ànd ak dal.
Kenn dootu ko mere, di ko soow.
Dëkk bi dina set wecc, ndox dootul taa.

Rabi àll yi gis nañu ne dëkk bi am na jàmm.
Ñu dem seeti Maam Gaynde, di ko sargal.
Mbonaat jël xalamam, di woy.
Bukki di tàccu, di fecc, Lëg di ko feelu.

# Géej gi dafa mer




Ñetti fan a ngi muy ngelaw, foo tollu dégg duus yi.
Ñuy télli-télli, ngelaw li naan « huu. »
Mu mel ne ag till moo taxaw ci ginnaaw palanteer bi.
Usmaan mënul nelaw, mu naan ci xelam loolu lan la ?
Xanaa till moo nekk ci palanteer bi.



Mu jóg ndànk ci lal bi, raam ba egg ci néegu yaayam.
Mu daldi tëb ci lal bi, boqatu ci digante pàppaam ak yaayam.
Pàppaam ne ko : « Usmaan lan la, loo ragal ? »
Usmaan ne ko : « Dafa am till ci wetu palanteer bi, mu nginaan « huu. »
Pàppaam ne ko « Loolu ngelaw li rekk la. »



Usmaan di bëgg a jooy, ne pàppaam : « Li ma dégg du ngelaw ! Ngelaw du def huu, till moo koy def. »
Pàppa ji ne ko : « Na nu dem, ma xool. »
Mu dem ubbi palanteer bi, gisul dara.
Mu taal làmp bi, ne ko : « Xoolal, fii dara nekku fi.



Gis nga garab yi ni ñuy yëngatoo, dafa ngelaw moo tax. »
Xelu Usmaan dal tuuti rekk.
Yaayam ne ko : « Waaw tëddal fii. » Mu jël ko boq ko ci wetam.
Ba pàppa ji ubbee palanteer ba, Usmaan gisoon na caru garab ya.
Mu tëdd, di xalaat caru garab yooyu ni ñu doon yëngatoo.



Yaayaam di raay boppam, pàppaam léemu ko, mu nelaw.
Nataalu caru garab ya des ca boppam.
Muy gént nag ay filaawoo yuy
fecc ak di yaaba.
Bi Usmaan yeewoo mu gis ne nappijiwul.
Yaayam itam demul màrse jaayi jën.



Usmaan laaj pàppaam lu tax demul géej.
Pàppaam ne ko : « Xanaa gisuloo
ni mu ngelawe ?
Tey géej gi dafa aay moo tax
demunu nappi.
Gaal yépp a teer, sa waa kër nijaay Biraan
Tëw sax demuñu.
Ñoom ñoo gën a jàmbaare ci gox bi. »



Usmaan laaj pàppaam luy géej gu aay ?
Pàppaam ne ko : «Géej gu aay,
mooy géej gu mer.
Su jaww ji tàngee lool, ndox yi dañuy yéeg.
Ngelaw lu bare doole mooy yëngal ndox mi,
di yékkati duus yi.
Looloo waral ñuy wax géej gi dafa aay.



Dem nappi wóorul bu géej gi aayee.
Gaal yi mën nañu wëlbatiku, nit ñi lab.
Tey moom kenn du dem géej, kenn du jaayi, fii lañuy toog. »
Usmaan bég lool ndax tey dina yendu ak pàppaam ak yaayam.
Usmaan taxaw ci wetu palanteer bi di xool géej gi.



Mu ngi sàngoo mbàjj mu diis ndax
dafa sedd.
Mu gis duus yi di tëb, di ñëw ak a dellu.
Duus bu dem, beneen jël.
Boolee ci ngelaw li naan. « huu », mel ne
luy woyal duus yi.



Pàppay Usmaan a ngi àttaaya, yayaam tëdd ci wetam.
Bàjjan Xadi a ngi fo ak xale yi, di leen wattuwaale.
Ñu jékki-jékki rekk, dégg lu ni téll.
Ndekete duus yee jóge seen lal,
fekksi tefes gi.
Ñu daaneel mbaar ya fa nekkoon yépp,
ñépp tëb, jóg.



Laata ñuy xam lu xew rekk, ndox mi
duggsi ci ëtt bi.
Ndox mi fees fa dell ; Usmaan génn,
gis diggu kër ga taa.
Nit ñi di dem, di dikk, jaaxle,
di rawale bagaas yi.
Ndab yi di tëmb, xar yi di mbee, lépp tooy.



Ngelaw li di gën a yokku.
Duus yi di tëb, di sotti ndox mi ci biir kër yi.
Nit ñiy jël ay saaku suuf di def ci buntu néeg yi.
Ñuy def lu nekk, ngir ndox mi bañ a dugg.
Yenn saa, ñu am ndam, yenn saa, ndox mi ëpp leen doole.



Noonu lañu nekke di xeex ak ndox mi ba dégg mbiibu oto.
Pompiye la woon, ñoo doon ñëw indi ndimbal, wallusi leen.
Ñu wàcce ay saaku suuf yu baree bare.
Nit ñi, mbaam yi, nag yi,
népp a doon liggeey.
Nu teg saaku ya ba néeg yi daj, ñépp dugg ci biir.



Ngelaw li dal, duus yi wàññeeku,
ndox mi di dellu.
Muy wàccaat, di wàññeeku,
teewul ëtt bi am taa-taa.
Nit ñi sonn lool, di xalaat seen bagaas yi tooy ak yi yàqu.
Usmaan moom bég di ree, di woy naan :
« Am naa dex ! »
Mu ne cundux ci ndox mi, di cëpp-cëppi.



Jànt bi so, ñépp sonn ba mu des Usmaan.
Yaayaam woo ko, ne ko : « Ayca, kaay reer te tëdd ! »
Usmaan bëggoon na toogaat ci ndox mi fo, waaye guddi na.
Usmaan daldi dem reer, mu sonn, gëmmentu, dem tëri.
Teewul xel ma yépp a nga fale, ca dex ga.



Mu tëdd dem bay bëgg nelaw, dégg mbott ya ca ndox ma.
Ñuy woy naan : « Ngooxii ngoox, tey ñu naan, Usmaan kaay naan !
Ngooxii-ngoox, suba nu sangu, ngooxii-ngoox, ginnaaw suba nu yaataayimbe. »
Ca noona mu daldi nelaw.
Bii bés moo gudd !

# Tuuti ay am



Dafa taw taw bu rëy ca Ndumbelaan, kër yi fees ak ndox.
Rab yu bare daw yéeg ci kaw garab yi.
Ndoxu taw bi dafa feesal seen i kër.
Déeg bu mag bi fees, yéeg ba jege yoon wu mag wi.
Kéwel gu ndaw, Till, Njamala, Segg ak Mbonaat jóge ekool di ñibbi.



Bukki moo jiitu, di xolli banaana, di lekk.
Kéwel ak Till nekk ci ginnaawam,
di dox di werante.
Bukki lekk banaanaam, ne xërr, sànni xollit
ya ca ndox ma.
Xollit ya dal ci kow mbalit mu ñu tuuroon
ca wetu ndox ma.
Till di xool déeg ba, ba yàgg mu jox saagam
Kéwel gu ndaw.



Noona mu daadi daw, wuti déeg ba, màngo bu rëy ñor, la seen.
Till naan tiririririr, tiririririr di daw, di xool màngo ba.
Ay xél yu rëy la agsee ca tàkku déeg ba.
Till tarxiis ca xollitu banaana ya, ne cumbux ca biir déeg ba.
Ña mu àndaloon, yuuxoo. Till dugg ca ndox ma, réer, feeñaat.



Ca la yuuxoo, naan ndox, duggaat ca biir ndox ma, fittiwaat.
Noona, benn bant bu rëy bu doon tëmb, jaar ci wetam.
Till jéem ca jafandu, mu rëcc ko, mu nuur, wëndeelu, génnaat.
Bi mu feeñaatee, mu gisaat bant ba, jafandu ca.
Bi ñu déggee coow li, ay seetaankat ñëw ci wetu dex gi.




Coow li bare, ñuy werante waaye kenn ñemewul a dugg ci ndox mi.
Till a ngi jafandu ci bant bu rëy, mbalit wër ko.
Am na sax ay sagar ak i xob yu tege ci kaw boppam.
Ndox miy daw, di yóbbu Till, ñuy séen boppam, mu xulli bët yi.



Ñu jekki-jekki, mu am jigeen ju yuuxu ca kaw : « Wóoy mu ngay lab ! »
Till xàmmee baatu yaayam, tàmbalee jooy moom itam.
Kéwel gu ndaw mooy xaritu Till, ñoo bokk kalaas, bokk kër.
Kéwel di jooy, Njamala, Mbonaat ak Segg jaaxle.
Nagu-àll ne : « Nanu woo Njamala njool mu ñew génne ko. »



Mbaam-àll ne : « Sunu gaawul, géej la ko ndox mi di yóbbu. »
Kooba ni ko : « Wax nga dëgg, ndoxu dex gi, géej la jëm.
Ndoxu taw yi, dañu leen a gasal fu ñuy dajaloo.
Ñu wërale ndox moomu, di bañ ku ca dugg.
Wànte dangay gis ñu ñëw, dindi wërale ba, tuur fa seen mbalit. »



Till a ngi jafandu, ci bant bi,
ndox mi di ko yóbbu.
Coow li gën a yokku, ndax yeneen
seetaankat yu ñëw.
Gone yi jóge ekool ñoo taxaw,
tiit, yërëm ko.
Ñu dégg tànki Njamala yi ñu naan ci suuf :
kàppati, kàppet, kàppati.
Baaxoñ, ci caru garab bi mu tag,
ne : « Njamala yaa ngi ñëw. »



Coow la gën a yokku ca biir seetaankat ya.
Ca kanam tuuti, ñaari Njamala agsi,
ñu may leen ñu jàll.
Njamala gu jigeen gis yaayu Till muy jooy,
mu wuti ndox ma.
Muy xuus, di dem ba yàgg, mu taxaw,
dematul. Ndekete, tànk ya ñoo dugg ca biir
ban ba.



Njamala jéem ba tàyyi, mënul a génne tànkam ya ngiro.
Seetaankat ya séen Njamala di gën a dugg, di gën a gàtt.
Njamala gu góor wuti déeg ba, Ñey ne ko : « Bul dem. »
Mu ne ko : « Duma taxaw, di seetaan sama genn-wàll di ngiro. »



Njamala gu góor dugg ca ndox ma,
xuus tuuti rekk, daadi ngiro.
Yaayu Till gën a yuuxu ca kow.
foo tollu di dégg baatam.
Coowu seetaankat ya yokkuwaat.
Baayu Till jóge tool ànd ak Lëg,
mu yor cëgg yu bare.
Ca saa sa, Lëg ràbb ay buum,
ñeneen ña jàppale ko.



Tan naaw ak buum ya, yoor ko Till,
mu jàpp ca, génn.
Tan wàcce Till ci kanamu
Pàppaam ak Yaayam.
Seetaankat ya di tàccu Lëg ak Tan.
Waajuri Till song seen doom,
di ko nabb-nabbee.
Bukki doon bëgg a daw, ñu jàpp ko.



Kéwel gu ndaw ñëw ci Yaayu Till jox ko saagu Till.
Kéwel gu ndaw xool ñi mu àndaloon, ñoom ñépp, ñu nekk fa.
Kenn ci ñoom, demul, dañoo taxaw ba mu génn.
Bukki di yuuxu : « Dañu nuy boole, sànniwuma fii xollitu banaana yi. »
Njamala gu ndaw ne : « Sama waajur yi ñu ngi ci ndox mi. »



Tan jëlaat buum ya, naawaat lonk ko ca Njamala, ñu génne leen.
Njamala taq ripp ak ban bu ñuul kukk.
Noona, Kéwel gu ndaw, Mbonaat Njamala ak Segg ànd ñibbi.
Ci yoon wi, noppi Till yi génne ndox mu bare.
Ndox ma tooyal xaritam yi, ñépp ànd di reetaan.



Ca ëllëg sa, Looy, seen muse,
laaj ko : « Lu xew démb ? »
Till jóg bëgg a wax, Muse Looy ne ko :
« Ñëwal tablo. »
Till dem tablo tàmbalee nettali li ko màngo
bu rëy ba indil.
Muse Looy laajte : « Lan ngeen jàng ci li
xew démb ? »
Till ne : « Man, am naa ay xarit yu baax
ci Ndumbelaan. »



Njamala ne : « Mbooloo am na doole,
lu mu jéem, dina ko mën. »
Mbonaat ne : « Ki nga dëkkal, sa mbokk la.
Segg ne : « Xool fi ngay teg sa tànk
baax na. »
Kéwel reetaan ne : « Bëgg lekk ba mu ëpp,
baaxul. »
Muse Looy ne : « Wax ngeen dëgg, wànte
jàng féey itam baax na. »

Ce livret décodable gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN